**ÓZBEKISTAN RESPUBLIKASI JOQARI BILIMLENDIRIW ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI**

**BERDAQ ATÍNDAĞÍ QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI**

«TASTIYIQLAYMAN»
QMU Rektori A.Reymov
____________
2024- jıl "___"-__________

# KÁSIPLIK (DÓRETIWSHILIK) IMTIXANLAR DÁSTURI HÁM BAHALAW KRITERIYASÍ

**60211400 – Tálim jónelisi: Vokal kórkem óneri**

**60211402 - Vokal kórkem óneri: estrada qosıqshılığı tálim bağdarı ushın**

**Nókis - 2024 jıl**

Dástúr Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq Mámleketlik Universiteti "Kórkem óner" kafedrası Keńesiniń 2024-jıl ___-__________ ___-sanlı jıynalıs qararı menen tastıyıqlanǵan.

**Dúziwshiler:** Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti "Kórkem óner" fakulteti "Kórkem óner" kafedrası baslıǵı docent S.Ayapov

Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti "Kórkem óner" fakulteti "Kórkem óner" kafedrası assistenti N.Asqarov

**Pikir bildiriwshiler:** Ózbekstan xalıq baqsısı Ǵ.Utemuratov

Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Respublikalarına xızmet kórsetken artist, R.Qutekeeva

## Kirisiw

Usı programma hám bahalaw kriteryaları 60211400 — Vokal kórkem óneri (estrada qosıqshılıǵı) tálim baǵdarı boyınsha "Qánigelik"ten I-dóretiwshilik imtixan programması hám 2-dóretiwshilik pán "Muzıka tariyxı hám teoriyası"nan abituriyentlerdiń ámeliy - teoriyalıq kónlikpe hám ilmiy tájriybelerin anıqlaw ushın mólsherlengen. Bul tálim baǵdarı boyınsha hújjet tapsırǵan abituriyentler muzıkalıq dóretpe atqarıwı hám basqa tapsırmalar boyınsha ámeliy islerdi atqaradı, Muzika tariyxı boyınsha kollokvium sáwbetinen ótedi. Atqarılatuǵın wazıypalar tastıyqlanǵan kriteryalar tiykarında bahalanadı.

### "Qánigelik" ten dóretiwshilik imtixan maqseti hám wazıypaları

60211400 - Vokal kórkem óneri (estrada qosıqshılıǵı ) tálim baǵdarı boyınsha dóretiwshilik imtixan programması abituriyentlerdiń ámeliy atqarıwshılıq kónlikpe hám ilmiy tájriybelerin anıqlaw maqsetinde ótkeriledi.

Abituriyentlerdiń ulıwma tayarlıq dárejesi, qábileti, talantı, bilimi, dúnyaǵa kóz qarası hám aqıl ziyrekligi esapqa alınǵan tárzde normativ dastúrdi ózlestiriw ústinde jumıs alıp barıladı.

Estrada jeke qosıqshılıǵın ózlestiriwden kelip shıǵatuǵın wazıypalar - abituriyentler túrli jónelislerde bilimlerga iye ekenligin ózleriniń atqarıw sheberligin kórsetiwlerinen ibarat esaplanadi. Ayrıqsha itibar professional dárejeli atqarıwdı tolıq jetilistiriwge, onı joqarı kórkem dárejede kórsetip beriwge qaratılıwı kerek. Estrada jeke qosıqshılıǵı boyınsha abituriyent dáwir talabına qaray dúnyaǵa kóz qarası keń bolǵan, yaǵnıy insaniyat mádeniyatı tariyxı, rawajlanıw basqıshları atap aytqanda, ádebiyat hám kórkem óner salasında tereń piker júritiw menen birge, jańa payda bolǵan kompyuterler sistemasındaǵı jáhán muzıkalıq programmaları boyınshada túsinik, oyda sáwlelendiriw, bilim hám kónlikpelerge iye bolıwı shárt.

### Abituriyent bilimine qoyılatuǵın talaplar

60211400 — Vokal kórkem óneri: estrada qosıqshılıǵı tálim baǵdarı boyınsha oqıwǵa kirip atırǵan abituriyentlerdi saralaw maqsetinde klassta kirisiw talaplarına uyqas programmalardı atqarıp beriwi kózde tutılǵan.

Oqıwǵa kiriwshi 20 minutǵa shekem bolǵan waqıt dawamında "Qánigelik" páninen atqarıw programması (ózbek hám jáhán muzıkasınan qosıqlar úlgi retinde tanıqlı qosıqlar)ın usınıwı talap etiledi.

"Muzıka ádebiyatı hám teoriyası" boyınsha Solfedjio bóliminen notaga qarap, dirijyorliq etip atqarıp beriwi (10 minutğa shekem) hám de 10 minutaga shekem waqıt dawamında Muzıka ádebiyatınan kollokvium sáwbetinen ótiwi lazım.

**1-pán**

**"Qánigelik"ten atqarıw dástúri**

60211400 - Vokal kórkem óneri: estrada qosıqshılıǵı tálim baǵdarına hújjet tapsırǵan barlıq abituriyentler belgilengen dizim tiykarında tańlaǵan baǵdarı boyınsha jeke tárzde, tayarlanǵan programmanı fortepiano yamasa muzıkalıq audio menen birge yaddan atqaradı.

Abituriyent dóretpeler nota tekstin qátesiz, shıǵarmanıń pátin kórsetilgen tezlikte, nama shtrixların tuwrı qollanǵan halda, intonaciya tazalıǵına ámel etip, barlıq artikulyatsiya talapların orınlap, sonıń menen birge, shıǵarmanıń kórkem mánisi hám milliy ózgesheliklerin tolıq ashıp bergen jaǵdayda atqarıp beriwi zárúr. Shıǵarmada muzıkalıq ańlatpa qurallarınıń qollanılıwı, dawıs kúshi jáne onı basqarıw, hám de onıń sapası tiykarǵı áhmiyetke iye.

**Programma atqarıwı 5 shıǵarmadan ibarat:**

- vokaliz (F.Abt, G.Zeydler, D.Amanullayeva) fortepiano menen birge;
- o'zbek kompozitorları jaratqan 2 klassik estrada qosıqları (Ikr.Akbarov, M.Burxonov, M.Leviyev, D.Zokirov, Sh.Ramazonov, X.Izamov, E.Salixov sıyaqlılar) yamasa zamanagóy ózbek kompozitorlarınıń estrada qosıqları (F.Zokirov, N.Norxo'jayev, A.Mansurov, D.Amanullayeva, A.Ikramov, A.Rasulov, D.Ilyosov, Yu.Usmonova, S.Nazarxon sıyaqlılar) fortepiano menen birge;
- belgili shet el estrada juldızları programmasındaǵı 2 estrada qosıǵı (ingliz, frantsuz, italyan hám rus tillerinde) aranjirovka "minus" penen birge.

**Dóretiwshilik imtixanda abituriyent tárepinen atqarılatuǵın ámeliy jumıs tómendegi kriterya tiykarında bahalanadı :**

Atqarıw programması -

| № | Atqarıw talapları | Tolıq juwap ushın ball |
|---|---|---|
| 1 | Dóretpe tekstiniń tuwrılıǵı | 10,0 ballǵa shekem |
| 2 | Dóretpe mazmunıń ashıp beriliwi | 10,0 ballǵa shekem |
| 3 | Dawıstı basqarıw qábileti | 10,0 ballǵa shekem |
| 4 | Artikulyatsiya talaplarınıń orınlanıwı | 10,0 ballǵa shekem |
| 5 | Dinamikaǵa itibar beriwi | 10,0 ballǵa shekem |
| 6 | Muzıkalıq ańlatpa qurallarınıń tuwrı qollanıwı | 10,0 ballǵa shekem |

| | | |
|---|---|---|
| 7 | Intonatsiya tazalığı | 10,0 ballğa shekem |
| 8 | Páttiń anıqlığı | 10,0 ballğa shekem |
| 9 | Sap atqarıw usılı | 10,0 ballğa shekem |
| 10 | Sahna mádeniyati | 3,0 ballğa shekem |

"Qánigelik"ten atqarıw programması boyınsha toplaw múmkin bolğan maksimal ball - **93,0** ball

**2-pán**

**"Muzıka ádebiyatı hám teoriyası"**

**a) "Solfedjio"**

Bul ámeliy pándi ózlestiriwden kelip shığatuğın wazıypalar - abituriyentler túrli jónelislerde bilimlerge iye bolğanlığın kórsetiwlerinen ibarat esaplanadı. Muzıkalıq esitiw, este saqlaw (yaddı) hár tárepleme rawajlandırıw, atqarıw hám tıńlaw processinde dawıs tazalığın baqlaw sıyaqlı bilimlerge ıye bolıwı kerek.

**Abituriyent bilimine qoyılatuğın talaplar**

Abituriyent "Solfedjio"dan tolıq bilimge iye bolğan halda, notaga qaray atqarıw kónlikpelerin kórsetiwi kerek.

**Kásiplik (dóretiwshilik) imtixanda abituriyent tárepinen orınlanğan ámeliy jumıs tómendegi kriteryalar tiykarında bahalanadı:**

1. Tanıs emes shınığıw hám estrada-jaz usılındağı bir dawıslı mısallardı dirijyorlıq etip atqarıw;
2. Intervallar hám akkordlardı esitip anıqlaw.

| № | Sorawlar mazmunı | Tolıq juwap ushın ball |
|---|---|---|
| 1 | **Tanıs emes shınığıw hám estrada-jaz usılındağı bir dawıslı mısallardı dirijyorlıq etip atqarıw;** | |
| a) | Tonallıqtı durıs anıqlaw | 8 ballğa shekem |
| b) | Sap (taza) atqarıw | 8 ballğa shekem |
| c) | Ritmlik izbe-izlikte anıq atqarıw | 8 ballğa shekem |
| 2 | **Intervallar hám akkordlardı esitip anıqlaw;** | 9 ballğa shekem |
| | **Jámi** | **33,0** |

"Solfedjio" ushın qoyılatuğın maksimal ball - **33,0** ball.

**b) "Muzıka ádebiyatı"**

Kollokvium sıyaqlı sáwbetten abituriyentlerdiń jáhan, rus, ózbek muzıkası tariyxına tiyisli sorawlarğa juwap beriwi, tapsırğan bağdarı tarıyxı haqqında bilim dárejesi qanday ekenligi bilip alınadı.

| № | Sorawlar mazmunı | Tolıq juwap ushın ball |
|---|---|---|
| 1 | Jáhán muzıkası tariyxınan sorawlarǵa juwap | 7,0 ballǵa shekem |
| 2 | Rus muzıkası tariyxınan sorawlarǵa juwap | 7,0 ballǵa shekem |
| 3 | Ózbek muzıkası tariyxınan sorawlarǵa juwap | 7,0 ballǵa shekem |
| 4 | Estrada-jaz muzıkası tariyxınan sorawlarǵa juwap | 9,0 ballǵa shekem |
| | **Jámi** | **30, 0** |

"Muzıka ádebiyatı"nan toplaw múmkin bolǵan maksimal ball - **30,0 ball**

"Muzıka ádebiyatı hám teoriyası" ushın qoyılatuǵın maksimal ball - **63,0** ball.

**Usı tálim baǵdarında kásiplik (dóretiwshilik) imtixanlarǵa jámi qoyılatuǵın maksimal ball - 156,0 ball.**

### Dóretiwshilik imtixandı ótkeriw tártibi

60211400 - Vokal kórkem óneri: estrada qosıqshılıǵı tálim baǵdarına hújjet tapsırǵan abituriyent keste tiykarında aldınan belgilengen múddetlerde belgilengen imaratlarda dóretiwshilik imtixan tapsıradı. Imtixanlar jeke tártipte Qabıllaw komissiyası tárepinen belgilengen auditoriyalarda ótkeriledi.

### Apellyatsiya tártibi

Abituriyentler tárepinen kásiplik (dóretiwshilik) imtixan nátiyjeleri boyınsha universitet qabıllaw komissiyasınıń apellyatsiyalar menen islew komissiyaına nátiyjeler daǵaza etilgennen kúnnen baslap 24 saat dawamında shaǵım etiwleri shárt. Shaqırıq mazmunı tek óziniń balları haqqında bolsa ǵana qabıl etiledi, lekin basqa abituriyentler haqqında jazılǵan shaǵım arzaları qabıl etilmeydi.